

Yon Ti Ranmase sou Maladi Jedaza



- ♦ Gen 1.8% nan rezidan CT yo ki satisfè kritè yo pou maladi jedaza, sa ki bay apeprè 50,000 moun.
- ♦ Lòt non yo konn bay maladi jedaza se depandans a jedaza, azadè enkontwolab, oswa azadè patolojik.
- ♦ Paryaj sou espò ak jezada sou entènèt ap vin deplizanpli popilè pami jèn yo ak jèn granmoun yo, poutèt li vin legal kounye a nan Eta Connecticut.

Kisa Maladi Jedaza a ye?

Se yon adiksyon ki gen kòm karakteristik yon konpòtman azadè pwoblematik ki pèsistan ak ale vini, epi ki mennen andikap oswa detrès grav sou plan klinik.

Kalite Jedaza ki Popilè yo

- ♦ Paryaj sou espò (sou entènèt/an pèsonn)
- ♦ Kazino (sou entènèt/an pèsonn)
- ♦ Lotri (sou entènèt/an pèsonn)
- ♦ Paryaj deyò kous (kous chwal, kous chen, Jai alai)
- ♦ Jedaza pou byenfezans (eg. tiraj, bingo, wou lajan)

Siy ak Sentòm ki Montre yon Moun Gendwa Riske gen Maladi Jedaza

- ♦ Bezwen fè jedaza avèk deplizanpli lajan pou santi eksitasyon
- ♦ Pa ka sispann panse a pwochen aktivite jedaza a
- ♦ Bay lòt moun manti sou kantite patisipasyon l nan jedaza a
- ♦ Depann de lòt moun pou lajan jedaza
- ♦ Fè jedaza pou chape anba estrès, anksyete, oswa depresyon
- ♦ Akaryasite lè l ap eseye kite
- ♦ Mete relasyon li, karyè li, oswa chans li an danje poutèt jedaza
- ♦ Kouri dèyè lajan pèdi - fè jedaza avèk plis lajan oswa pi souvan pou "balanse" lajan ki pèdi

Chimi Sèvo a ak Tolerans pou Jedaza

Sistèm rekonpans ki nan sèvo a souvan afekte poutèt pwodui chimik plezi a, dopamin, ki lage. Sa kreye yon anvi chèche eksperyans pou jwenn menm santiman ozanj sa a. Anmezi tan ap pase, dezi sa a vin kreye yon tolerans, ki gen posibilite mennen yon ogmantasyon nan konpòtman azadè a. Li enpòtan pou fè diferans ant fason ki sen ak ki malsen pou lage dopamin.

Rezon prensipal ki fè Jedaza Vin yon Pwoblèm

Abitid Jedaza

- ♦ Yon konpòtman kouri dèyè lajan pèdi
- ♦ Toujou vle jwenn plis chak fwa w genyen

Rechap anba Twomatis

- ♦ Itilizasyon jedaza kòm evazasyon
- ♦ Rechap anba detrès pèsònèl

Trè Pèsonalite Moun ki Pa Reflechi

- ♦ Konpòtman Riske

Moun ki Gen Plis Risk yo

- ♦ Gason pi ekspoze pase fanm
- ♦ Popilasyon ki gen revni fèb yo
- ♦ Adolesan ki gen laj kolèj Gwoup
- ♦ ki majinalize yo



Wheeler

CONNECTICUT
Clearinghouse
a program of the Connecticut Center
for Prevention, Wellness and Recovery

800.232.4424 (telefòn)
www.ctclearinghouse.org

Yon Bibliyotèk ak Sant Resous sou Alkòl, Tabak, Lòt Dwòg, Sante Mantal ak Byennèt

Konsekans Pwoblèm Jedaza

- ♦ Pwoblèm lajan (fayit)
- ♦ Relasyon enstab
- ♦ Sispann enterese nan karyè, nan pastan, oswa nan lòt bagay ki te konn enterese w
- ♦ Anprizònman
- ♦ Panse ak ide suisid ki gen posibilite mennen nan tantativ suisid
- ♦ Bwè twòp

Ti Konsèy pou Jedaza Pa Vin yon Pwoblèm

- ♦ Pran brek apre chak jwèt
- ♦ Tabli yon bidjè
- ♦ Peye avèk kach sèlman (pa avèk kat kredi)
- ♦ Konprann chans jwèt yo
- ♦ Tabli yon limit pou tan an

Kijan pou Ede Tèt Ou

- ♦ Antre nan yon gwoup sipò
- ♦ Evite izolman
- ♦ Patisipe nan lòt aktivite pou kenbe tèt ou okipe
- ♦ Kontakte nimewo èd nan zafè jedaza a pou jwenn resous ak lòt enfòmasyon 1-888-789-7777

Efè Mank

Efè mank se bagay ki rive souvan epi yo ka parèt pandan pwosesis gerizon an poutèt sistèm rekonpans ki vin chita nan sèvo a. Finalman, anmezi tan ap pase, efè yo ap ale pandan sèvo a ap rebati tèt li. Men kèk nan efè yo nan lis ki anba la a:

- ♦ Akaryasite
- ♦ Obsesyon
- ♦ Touman
- ♦ Anksyete
- ♦ Depresyon

- ♦ Difikilte Dòmi

Ki Kote pou Jwenn Èd

Konsèy Connecticut sou Pwoblèm Depandans a Jedaza a (Connecticut Council on Problem Gambling, CCPG) se yon ajans ki pa gen bi fè lajan ki gen kòm misyon redui efè pwoblèm jedaza a sou moun endividyèl ak fanmi yo. CCPG gen yon nimewo èd 24 sou 24, 7 jou sou 7: 1-888-789-7777 ak yon konvèsasyon sou entènèt 24 sou 24, 7 jou sou 7 sou sit li a.

Bettor Choice se yon pwogram tretman espesyalman pou jedaza ki resevwa finansman nan men Eta Connecticut epi ki ofri sèvis pou pwogram pou pasyan ni entèn ni ekstèn, nan diferan kote toupatou nan eta a.

Resous nan Connecticut

Depatman Sante Mantal ak Sèvis kont Adiksyon nan CT
Sèvis kont Pwoblèm Jedaza
www.ct.gov/dmhas/pgs

Nimewo pou Èd 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan Zafè Pwoblèm Jedaza
1-888-789-7777

Konsèy CT pou Pwoblèm Depandans a Jedaza

CCPG gen yon konvèsasyon sou entènèt 24 sou 24, 7 jou sou 7 anplis nimewo èd 24 sou 24, 7 jou sou 7 la
www.ccp.org

Region 4 Bettor Choice
<https://www.wheelerclinic.org/services/wheeler-services/bettor-choice-gambling-treatment-program>

Bettor Choice
Lis Kontak pou Tout Eta a
<https://portal.ct.gov/-/media/dmhas/pgs/bettorchoiceprogramspdf.pdf>

Resous Nasyonal

Konsèy Nasyonal sou Pwoblèm Depandans a Jedaza
Nimewo Èd 24 sou 24, 7 jou sou 7
1-800-GAMBLER
<https://www.ncpgambling.org/help-treatment/>



CONNECTICUT
Mental Health & Addiction Services